

"Yès wa yo di tout moun fèmen telefòn yo paske pral gen yon katastwòf.

M oblije kouri fèmen pa m nan. "

 Gason,
25-30 ans, Chardonnières, Sud



" Hier soir, on a demandé à tout le monde de fermer leurs portables, car il allait y avoir une catastrophe, j'étais obligé d'éteindre le mien rapidement.

 Homme
25-30 ans, Chardonnières, Sud

TELEFÒN / PORTABLE

REPONS

Sèvis kominikasyon jwe yon wòl trè enpòtan nan peryòd ijans. Pandansiklòn Matyea, Konsèy Nasyonal Telekomunikasyon (CONATEL), voye plis pase 25 milyon mesaj ki rive jwenn plis pase 6 milyon moun nan peyi a. Zouti kominikasyon yo pèmèt rive jwenn popilasyon an kote li ye a. Bri k ap kouri ki fè konnen fòk moun fèmen telefòn yo paske pral gen yon katastwòf la pa chita sou anyen. **Okontrè, nan moman katastwòf, fòk telefòn yo ouvè pou n kapab rete enfòmè.** Si telefòn yo fèmen, nou pap gen aksè ak enfòmasyon, Telefòn ki louvri pa pwovoke katastwòf natirèl. Li pèmèt ou resevwa enfòmasyon nan katastwòf natirèl pou w konn sa pou w fè.

RÉPONSE

Les services de communication jouent un rôle important en période d'urgence. Pendant le passage de l'ouragan Matthew, le Conseil National des Télécommunications (CONATEL) a envoyé plus de 25 millions de messages qui ont atteint plus de six millions de personnes à travers le pays. Ils permettent d'atteindre la population là où elle est. La rumeur qu'il faut fermer les portables parce qu'il va avoir une catastrophe est infondée. **Au contraire, en cas de catastrophes, il faut laisser les portables allumés pour être informés.** Sinon, on n'aura pas accès à l'information. Les téléphones allumés ne provoquent pas de catastrophes naturelles. Ils aident les gens à recevoir des informations pouvant les orienter en cas de catastrophes naturelles.

"Yo di yo trete dlo men nou toujou genyen vant k' ap fè mal "

Famn,
36-50 ans, Tiburon, Sud



"Ils disent qu' ils traitent l'eau mais nous avons toujours mal au ventre. "

Femme,
36-50 ans, Tiburon, Sud

DLO / EAU

REPONS

Pafwa nou konn fin trete dlo yo, san nou pa rann nou kont nou kontamine yo ankò. Si, nou itilize vesò ki pa pwòp pou nou stoke dlo yo, si nou pa bwè dlo ki trete yo nan gode ki pwòp, nou ap rekontamine dlo sa yo.

Pou nou trete dlo yo, fòk nou konn kantite pwodui pou n mete pou chak galon. Dapre espesyalis yo, nou dwe mete yon grenn akwatab **33 miligram nan yon galon dlo**. Gen lòt pwodui ki distribiye sou teren an pou trete dlo tou. Fok nou asire nou, nou konn ki dòz pou nou mete nan chak galon. **Fòk nou toujou sonje toujou lave men nou, respekte prensip ijyèn yo, epi toujou kenbe dlo yo nan vesò ki pwòp.**

RÉPONSE

Parfois après avoir traité l'eau, nous la contaminons sans nous en rendre compte. Si on utilise des récipients sales pour stocker l'eau traitée, si on ne boit pas l'eau traitée dans des verres qui ne sont pas propres, elle sera contaminée à nouveau. L' eau non potable peut provoquer d'importants maux de ventre, de vomissements et d'autres maladies.

Pour bien traiter l'eau, il faut connaître le dosage du produit de traitement à ajouter par gallon. Selon les spécialistes, il faut mettre **une tablette d'AquaTabs de 33 milligrammes par gallon d'eau**. Il existe d'autres produits de traitement distribués sur le terrain. Il faut bien connaître leur principe de dosage par gallon d'eau. Il faut toujours songer à **se laver les mains, respecter les principes d'hygiène et toujours conserver l'eau dans des récipients propres.**

" Kolerin ap touye nou nan zòn saa. Lopital la paka bay moun ki genyen kolerin yo swen. Mwen genyen frèm m ki genyen kolerin. Vant li fè l mal. Li bezwen jwenn swen. M panse se akòz bèt mouri, mouch ak marengwen ki fè n ap malad konsa. "

Fanm,
50-65 ans, Coteaux, Sud

" Gen kolera ak kolerin kap deranje nou la a. Kolerin nan se yon maladi ki bay vant fè mal ak anpil difikilite pou twalèt. "

Gason,
36-50 ans, Coteaux, Sud



" La cholérine nous tue dans cette zone. Cet hôpital ne peut pas soigner les gens atteints de cholérine. Mon frère a la cholérine. Il a une forte colique et a besoin de soins. Je pense que nous tombons malade à cause des animaux morts, des moustiques, des mouches... "

Femme,
50-65 ans, Coteaux, Sud

" Il y a le choléra et la cholérine qui dérangent les gens ici. La cholérine est une maladie qui donne la colique et des difficultés pour aller à la selle. "

Homme
36-50 ans, Coteaux, Sud

KOLERIN / CHOLÉRINE

REPONS

Kolorin se yon dyare ki bay gwo vant fè mal. Li gen glè ladan l avèk san. Moun trape kolerin nan **dlo ki pa trete**, nan **manje ki kontamine**, espesyalman legim kri ki pa byen lave ak dlo trete. Moun pran kolerin tou lè l manje ak **men l sal**. Prevansyon kolerin nan, se bwè dlo trete, se manje manje ki byen kuit, legim ak fwi ki byen lave ak dlo trete. Fòk nou toujou lave men nou anvan nou manje.

Kolerin nan pa sanble ak kolera. Kolerin nan se yon dyare ki pa bay anpil watè likid. Moun ki gen kolerin nan gen yon pouse, li bay glè, pafwa li gen san ladan l. Moun ki gen kolerin nan gen anpil vant fè mal. **Pou kolera a, moun nan bay yon dyare kote li twalèt anpil.** Twalèt la dlo dlo, e li gen koulè dlo diri. Moun ki gen kolera gendwa gen vant fè mal tou. Kolerin ak kolera, se maladi moun nan trape kote moun yo pa respekte prensip ijyèn yo. Yon moun ki gen kolerin, dwe pran sewòm oral. **Li toujou rekòmande pou moun nan ale nan yon sant sante paske fòk li jwenn bon jan remèd espesyal pou kolerin nan.**

RÉPONSE

La cholérine est une diarrhée provoquant des maux de ventre terribles. Elle se contracte **à travers l'eau non traitée**, les **aliments contaminés** et les légumes crus et **les mains sales**. Pour la prévenir, il faut boire de l'eau traitée, consommer des aliments bien cuits, des fruits et des légumes bien lavés à l'eau traitée. Il faut toujours se laver les mains avant de manger.

La cholérine est différente du choléra en ce sens que sa diarrhée n'est pas abondante. Les personnes atteintes de cholérine souffrent de fortes douleurs au ventre. La diarrhée de la cholérine s'accompagne parfois de glaire et de sang. **La diarrhée du choléra est très abondante.** Elle est de couleur blanchâtre un peu semblable à l'eau de riz. Il arrive des fois que les personnes infectées du choléra souffrent aussi de maux de ventre. La cholérine et le choléra sont des infections qui s'attrapent là où les règles d'hygiène ne sont pas observées. En cas de cholérine, il faut boire du sérum oral. **Il est toujours recommandé d'aller dans un centre de santé pour recevoir les traitements appropriés.**